## 2020 жылдың январь-декабрь айларында Қарақалпақстан Республикасының ауыл, тоғай ҳәм балықшылық хожалығы

Дәслепки мағлыўматлар бойынша, 2020 жылдың январь-декабрь айларында жетистирилген аўыл, тоғай хәм балықшылық хожалығы өнимлери ҳәм (көрсетилген хызметлер)диң улыўма көлеми 10 443,7 млрд. сумды ямаса 2019 жылдың усы дәўирине салыстырғанда 102,5 % ти, соннан, дийқаншылық ҳәм шарўашылық, аңшылық ҳәм бул тараўларда көрсетилген хызметлер көлеми 9 739,5 млрд. сумды (102,3 %), тоғай хожалықларында 447,3 млрд. сумды (101,3 %), балықшылық хожалықларында 256,9 млрд. сумды (111,7 %) қурады. Республика аўыл, тоғай ҳәм балықшылық хожалығы қурамында Қарақалпақстан Республикасының үлеси 4,7 % ти қурады.



**10 443,7**

01 — **9 739,5** **млрд. сум** — **Дийқаншылық ҳәм шарўашылық, аңшылық ҳәм бул тараўдағы көрсетилген хызметлер**

02 — **447,3** **млрд. сум** — **Тоғай хожалығы**

03 — **256,9** **млрд. сум** — **Балықшылық хожалығы**

**Аўыл, тоғай ҳәм балықшылық хожалығы өним (хызмет)лер көлеминиң өсим пәти (% те)**




**Қала ҳәм районлар кесиминде аўыл, тоғай ҳәм балықшылық хожалығы өним (хызмет)лериниң көлеми,** *млрд. сум*




2020 жылдың январь–декабрь айларында, қала ҳәм районлар кесиминде аўыл, тоғай ҳәм балықшылық хожалығы өним (хизмет)лериниң ең жоқары көлеми Әмиўдәрья (1 891,8 млрд. сум) ҳәм Беруний (1 314,7 млрд. сум) районларында. Керисинше кем көлемге ийе аймақларға Бозатаў (175,9 млрд. сум) районы ҳәм Нөкис қаласында (67,9 млрд. сум) келтирип өтиў мүмкин.

**Аўыл хожалығы өнимлерин жетистириў көлеминиң хожалық түрлери бойынша бөлистирилиўи**
*(жәмине салыстырғанда процентте)*

**Жыйын-терим.** 2020 жылдың январь-декабрь айларында барлық түрдеги хожалықлар тәрепинен 277,7 мың тонна дән егинлери жетистирилди.

Буннан тысқары, барлық түрдеги хожалықларда 85,7 мың тонна картошка, (2019 жылға салыстырғанда 2,4 % ке көп), 287,7 мың тонна овощ (5,1 % ке көп), жыйнап алынды, 157,8 мың тонна палыз егинлери (7,5 % ке көп), 57,9 мың тонна мийўелер (3,2 % ке көп), 201,3 мың тонна пахта (4,9 % ке көп) ҳәм 10,2 мың тонна жүзим жетистирилди.

**2020 жылдың январь-декабрь айларында хожалықлар категориялары бойынша тийкарғы түрдеги дийқаншылық өнимлерин жетистириў**

| | Фермер хожалықлары | | Дийқан (жеке жәрдемши) хожалықлары | | Аўыл хожалығы менен шуғылланыўшы кәрханалар | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | *тонна* | *өсим пәти, % те* | *тонна* | *өсим пәти, % те* | *тонна* | *өсим пәти, % те* |
| Дән, жәми | 219 916 | 92,1 | 42 872 | 100,1 | 14 897 | 126,5 |
| Картошка | 25 502 | 101,5 | 59 129 | 102,4 | 1 090 | 132,6 |
| Овощ | 104 515 | 108,0 | 175 960 | 102,4 | 7 268 | 136,7 |
| Палыз егинлери | 75 434 | 111,7 | 78 454 | 102,7 | 3 936 | 136,9 |
| Мийўелер | 22 035 | 97,5 | 28 113 | 104,3 | 7 705 | 118,5 |
| Жүзим | 3 624 | 90,1 | 5 811 | 105,1 | 726 | 117,3 |
| Пахта | 177 046 | 92,6 | - | - | 24 286 | 29,8 м. |



## Дийқаншылық

2020 жылдың январь–декабрь айларында жетистирилген дийқаншылық өнимлериниң көлеми 4 443,0 млрд. сумды яки 2019 жылдың сол дәўирине салыстырғанда 100,4 % ти курады. Жетистирилген аўыл хожалығы өнимлериниң улыўма көлеминде дийқаншылық өнимлериниң үлеси 46,0 % ти курады.

### Дәнли егинлер

**Көлеми,** *мың тонна*




**Өсим пәти,** *% те*




***Жетистирилген өнимниң хожалық түрлери бойынша бөлистирилиўи,*** *% те*




**Фермер хожалықлары**

**Дийқан (жеке жәрдемши) хожалықлары**

**Аўыл хожалығы хызметин әмелге асырыўшы кәрханалар**





## Қарақалпақстан Республикасы бойынша дәнли егинлер жетистириў көлеми, *тонна.*



## Овощ

**Көлеми,** *мың тонна*




**Өсим пәти,** *% те*




***Жетистирилген өнимниң хожалық түрлери бойынша бөлистирилиўи, % те***




**Фермер хожалықлары**

**Дийқан (жеке жәрдемши) хожалықлары**

**Аўыл хожалығы хызметин әмелге асырыўшы кәрханалар**



2020 жылдың январь–декабрь айларында барлық түрдеги хожалықлар тәрепинен 287,7 мың тонна овощ (2019 жылдың январь–декабрине салыстырғанда 5,1 % ке көп) жетистирилди. Овощ жетистириў көрсеткишлери хожалықлар түрлери бойынша анализленгенде, бул тараўдағы улыўма көлемниң 61,2 % ти дийқан (жеке жәрдемши) хожалықларына туўры келиўин көрсетпекте.



## Қарақалпақстан Республикасы бойынша Овощ жетистириў көлеми, *тонна*



## Картошка

**Көлеми,** *мың тонна*




**Өсим пәти,** *% те*




***Жетистирилген өнимниң хожалық түрлери бойынша бөлистирилиўи,*** *% те*




**Фермер хожалықлары**

**Дийқан (жеке жәрдемши) хожалықлары**

**Аўыл хожалығы хызметин әмелге асырыўшы кәрханалар**



2020 жылдың январь–декабрь айларында барлық түрдеги хожалықлар тәрепинен 85,7 мың тонна картошка (2019 жылдың январь–декабрине салыстырғанда 2,4 % ке көп) жетистирилди. Картошка өнимин жетистириў көрсеткишлерин хожалық түрлери бойынша анализ еткенде, картошка өними улыўма көлеминиң 69,0 % ти дийқан (жеке жәрдемши) хожалықларына туўры келиўин көриўимизге болады.



## Қарақалпақстан Республикасы бойынша картошка жетистириў көлеми, *тонна*



## Палыз

**Көлеми,** *мың тонна*




**Өсим пәти,** *% те*




***Жетистирилген өнимниң хожалық түрлери бойынша бөлистирилиўи,** % те*






2020 жылдың январь–декабрь айларында барлық түрдеги хожалықлар тәрепинен 157,8 мың тонна палыз өнимлери (2019 жылдың январь–декабрине салыстырғанда 7,5 % ке көп) жетистирилди. Палыз өнимлерин жетистириў көрсеткишлерин хожалық түрлери бойынша анализлегенимизде, жәми палыз өнимлери көлеминен 49,7 % ти дийқан (жеке жәрдемши) хожалықларына туўры келиўин көриўимизге болады.



## Қарақалпақстан Республикасы бойынша палыз өнимлерин жетистириў көлеми, *тонна*



## Мийўе өнимлери

**Көлеми,** *мың тонна*




**Өсим пәти,** *% те*




***Жетистирилген өнимниң хожалық түрлери бойынша бөлистирилиўи, % те***




**Фермер хожалықлары**

**Дийқан (жеке жәрдемши) хожалықлары**

**Аўыл хожалығы хызметин әмелге асырыўшы кәрханалар**



2020 жылдың январь–декабрь айларында барлық түрдеги хожалықлар тәрепинен 57,9 мың тонна мийўелер (2019 жылдың январь-декабрине салыстырғанда 3,2 % ке көп) жетистирилди. Мийўе жетистириў көрсеткишлерин хожалық түрлери бойынша анализлегенимизде, жәми мийўе өними көлеминен 48,6 % ти дийқан (жеке жәрдемши) хожалықлары есесине туўры келеди.



## Қарақалпақстан Республикасы бойынша Мийўелер жетистириў көлеми,

*тонна*



<u>**Жүзим**</u>

**Көлеми,** *тонна*




**Өсим пәти,** *% те*




***Жетистирилген өнимниң хожалық түрлери бойынша бөлистирилиўи, % те***






2020 жылдың январь–декабрь айларында барлық түрдеги хожалықлар тәрепинен 10 161 тонна жүзим жетистирилди. Жүзим өнимин жетистириў көрсеткишлерин хожалық түрлери бойынша анализлегенимизде, жәми жүзим өними көлеминиң 57,2 % ти дийқан (жеке жәрдемши) хожалықлары есесине туўры келиўин көриўимизге болады.



## Қарақалпақстан Республикасы бойынша жүзим жетистириў көлеми,
*тонна*





**Шарўашылық**

2020 жылдың январь–декабрь айларында шарўашылық өнимлерин жетистириў көлеми 5 223,5 млрд. сумды яки 2019 жылдың сол дәўирине салыстырғанда 103,7 % ти қурады. Жетистирилген аўыл хожалығы өнимлериниң жәми көлеминде шарўашылық өнимлериниң үлеси 54,0 % болды.

Шарўашылық тараўының ишки имканиятларын кеңейтиў бойынша ис-иләжлардың үзликсиз әмелге асырылып атырғанлығы, сондай-ақ, оларға мәмлекет тәрепинен системалы жәрдем көрсетилип атырғанлығы шарўа маллары бас санының көбейиўине, ишки тутыныў базарларын шарўашылық өнимлери менен толтырыўға имкан жаратты.

2020 жылдың январь–декабрь айларында барлық түрдеги хожалықлар тәрепинен тири салмақта 110,7 мың тонна гөш (2019 жылдың январь–декабрине салыстырғанда 3,6 % ке көп), 403,8 мың тонна сүт (4,5 % ке көп), 338,4 млн. дана мәйек (5,0 % көп) жетистирилген ҳәм 14252,7 тонна балық (10,9 % ке көп) аўланды.



## Гөш (тири салмақта)

**Көлеми,** *тонна*




**Өсим пәти,** *% те*




***Жетистирилген өнимниң хожалық түрлери бойынша бөлистирилиўи, % те***




**Фермер хожалықлары**

**Дийқан (жеке жәрдемши) хожалықлары**

**Аўыл хожалығы хызметин әмелге асырыўшы кәрханалар**



2020 жылдың январь–декабрь айларында барлық түрдеги хожалықлар тәрепинен тири салмақта 110,7 мың тонна гөш (2019 жылдың январь–декабрине салыстырғанда 3,6 % ке көп) ислеп шығарылды. Гөш жетистириў көрсеткишлери хожалық түрлери бойынша анализленгенде, жәми гөш ислеп шығарыў көлеминиң 95,8 % ти дийқан (жеке жәрдемши) хожалықлары есесине туўры келиўин көриўимизге болады.



## Қарақалпақстан Республикасы бойынша гөш (тири салмақта) жетистириў көлеми,

*тонна*



## <u>Сүт</u>

**Көлеми,** *мың тонна*




**Өсим пәти,** *% те*




***Жетистирилген өнимниң хожалық түрлери бойынша бөлистирилиўи,*** *% те*




**Фермер хожалықлары**

**Дийқан (жеке жәрдемши) хожалықлары**

**Аўыл хожалығы хызметин әмелге асырыўшы кәрханалар**



2020 жылдың январь–декабрь айларында барлық түрдеги хожалықлар тәрепинен 403,8 мың тонна сүт (2019 жылдың январь–декабрине салыстырғанда 4,5 % ке көп) жетистирилди. Сүт жетистириў көрсеткишлерин хожалық түрлери бойынша анализленгенде, жәми сүт жетистириў көлеминен 93,0 % ти дийқан (жеке жәрдемши) хожалықлары есесине туўры келиўин көриўимиз мүмкин.



## Қарақалпақстан Республикасы бойынша жетистирилген сүт жетистириў көлеми,
*тонна*



## Мәйек

**Көлеми,** *млн. дана*




**Өсим пәти,** *% те*




***Жетистирилген өнимниң хожалық түрлери бойынша бөлистирилиўи, % те***




**Фермер хожалықлары**

**Дийқан (жеке жәрдемши) хожалықлары**

**Аўыл хожалығы хызметин әмелге асырыўшы кәрханалар**



2020 жылдың январь–декабрь айларында барлық түрдеги хожалықлар тәрепинен 338,4 млн.дана мәйек (2019 жылдың январь–декабрине салыстырғанда 5,0 % ке көп) жетистирилди. Мәйек жетистириў көрсеткишлери хожалық түрлери бойынша анализлегенимизде, жәми мәйек жетистириў көлеминиң 80,7 % ти дийқан (жеке жәрдемши) хожалықлары есесине туўры келди.



## Қарақалпақстан Республикасы бойынша алынған мәйек жетистириў көлеми,

*мың дана*



## <u>Балық</u>

**Көлеми,** *тонна*




**Өсим пәти % те**




***Жетистирилген өнимниң хожалық түрлери бойынша бөлистирилиўи % те***




**Фермер хожалықлары**

**Дийқан (жеке жәрдемши) хожалықлары**

**Аўыл хожалығы хызметин әмелге асырыўшы кәрханалар**



2020 жылдың январь–декабрь айларында барлық түрдеги хожалықлар тәрепинен 14 252,7 тонна (2019 жылдың январь–декабрине салыстырғанда 10,9 % ке көп) балық аўланды. Аўланған балықлар хожалық түрлери бойынша анализленгенде, жәми аўланған балық көлеминен 66,8 % ти аўыл хожалығы менен шуғылланыўшы кәрханалар есесине туўры келиўин көриўге болады.



## Қарақалпақстан Республикасы бойынша аўланған балық көлеми, *тонна*



## Шарўа маллары ҳәм қуслар бас саны




2021 жылдың 1 январь жағдайына, ири шақылы қарамаллар бас саны ҳаққындағы мағлыўматларды хожалық бойынша анализ қылар екенбиз, ири шақлы қарамаллардың 5,3 % ти фермер хожалықлары үлесине, 93,5 % ти дийқан (жеке жәрдемши) хожалықларына, 1,2 % ти аўыл хожалығы хызметин әмелге асырыўшы шөлкемлерге туўра келиўин атап өтиў лазым, усыған мас рәўиште қой ҳәм ешкилердиң улыўма санынан 12,1 % ти фермер хожалықларына, 86,2 % и дийқан (жеке жәрдемши) хожалықларына, 1,7 % ти аўыл хожалығы хызметин әмелге асырыўшы кәрханаларға туўра келеди, жылқылар улыўма санынан 23,2 % ти фермер хожалықларына, 74,5 % ти дийқан (жеке жәрдемши) хожалықларына, 2,3 % ти аўыл хожалығы хызметин әмелге асырыўшы кәрханаларға туўра келеди сондай-ақ, қуслар (таўықлар) улыўма санынан 8,0 % ти фермер хожалықларына, 84,6 % ти дийқан (жеке жәрдемши) хожалықларына, 7,4 % ти аўыл хожалығы хызметин әмелге асырыўши кәрханаларға туўра келеди.

## Ири шақлы қарамаллар

**Саны,** ***мың бас***




**Өсим пәти % те**




***Бас санының хожалық түрлери бойынша бөлистирилиўи % те***




2021 жылдың 1 январь жағдайына, барлық турлердеги хожалықларда:

- ири шақлы қарамаллардың улыўма саны 1148,6 мың басқа жетти.
- ири шақлы қарамаллар бас саны 2020 жылдың 1 январына салыстырғанда 38,0 мың басқа (3,4 %) көбейди.
- ири шақлы қарамаллар бас санының 93,5 % ти дийқан (жеке жәрдемши) хожалықларына туўра келеди.



## Қарақалпақстан Республикасы бойынша ири шақлы қарамаллардың бас саны,

*бас*



## Сыйырлар

**Саны,** ***мың бас***




**Өсим пәти % те**




***Бас санының хожалық турлери бойынша бөлистирилиўи % те***




2021 жылдың 1 январь жағдайына, барлық турдеги хожалықларда:

- сыйырлардың улыўма бас саны 332,6 мың басқа жетти.
- сыйырлардың бас саны 2020 жылдың 1 январына салыстырғанда 11,7 мың басқа (3,6 %) көбейди.
- сыйырлардың бас саны 92,1 % ти дийқан (жеке жәрдемши) хожалықларына туўра келеди.



## Қарақалпақстан Республикасы бойынша сыйырлардың бас саны,
*бас*



## Қой ҳәм ешкилер

**Саны,** ***мың бас***




**Өсим пәти % те**




***Бас санының хожалық турлери бойынша бөлистирилиўи, % те***




2021 жылдың 1 январь жағдайына, барлық турдеги хожалықларда:

- қой ҳәм ешкилердиң улыўма бас саны 1154,0 мың басқа жетти.
- қой ҳәм ешкилердиң бас саны 2020 жылдың 1 январына салыстырғанда 38,9 мың басқа (3,5 % ке) көбейди.
- қой ҳәм ешкилер бас санының 86,2 % и дийқан (жеке жәрдемши) хожалықларына туўра келеди.



## Қарақалпақстан Республикасы бойынша қой ҳәм ешкилердың бас саны,

*бас*



## <u>Атлар</u> <u>*(жылқылар)*</u>

**Саны, *бас***




**Өсим пәти % те**




***Бас санының хожалық турлери бойынша бөлистирилиўи % те***




2021 жылдың 1 январь жағдайына, барлық турдеги хожалықларда:

- атлардың улыўма саны 25 912 басқа жетти.
- атлар бас саны 2020 жылдың 1 январына салыстырғанда 1 436 басқа (5,9 % ке) көбейди.
- атлар бас санының 74,5 % ти дийқан (жеке жәрдемши) хожалықларына туўра келеди.



## Қарақалпақстан Республикасы бойынша жылқылар бас саны ,

*бас*



## Куслар (*Таўықлар*)










2021 жылдың 1 январь жағдайына, барлық турдеги хожалықларда:

- куслардың улыўма бас саны 4 771,0 мың басқа жетти.
- куслардың бас саны 2020 жылдың 1 январына салыстырғанда 246,3 мың басқа (5,4 % ке) көбейди.
- куслардың бас санының 84,6 % и дийқан (жеке жәрдемши) хожалықларына туўра келеди.



## Қарақалпақстан Республикасы бойынша куслардың бас саны,

*бас*

